

KILÈS KI KALIFYE?

“Pwòch Paran k’ap okipe fanmi yo” sa se moun k’ap pran swen timoun minè ki ptit yon fanmi yo – nyès yo, neve yo, ptit ptit yo, ou byen ti sè ak ti frè yo. Yo bay sèvis legal gratis pou moun sa yo ki fè ti kras lajan (pa ekzanp, si income yo nan limit 150% nivo povrete Federal). Moun k’ap okipe fanmi ki gen plis ke 55 an d’aj yo elijib otomatikman pou sèvis nan Pwojè sa kelkeswa kantite lajan yo fè. Tanpri kontakte ofis nou pou ranseye ou sou lòt fason ke ou kapab elijib pou sèvis nou yo.



Pwojè Pou Moun k’ap okipe Fanmi Nan Sosyete Èd sou Zafè Legal la posib avèk jenerozite nan kontribisyon lis ajans sa yo:



United Way of Palm Beach County

Comite Pou Sèvis Timoun Nan Palm Beach County

Judith Migdal-Mack, *Supervising Attorney*
Angela Brafford, *Paralegal*

423 Fern Street, Ste. 200
West Palm Beach, FL 33401
Phone: 561-655-8944 ext. 275
Fax: 561-655-5269
E-mail: abrafford@legalaidpbc.org



PWOJÈ POU MOUN K’AP OKIPE FANMI YO



Eske w’ap okipe yon timoun minè ki ptit yon fanmi ou?

Pwojè Pou Moun k’ap okipe Fanmi Nan Sosyete Èd sou Zafè Legal la kapab ede ou jwenn resous ou bezwen yo.



423 Fern Street, Ste. 200
West Palm Beach, FL 33401
Phone: 561-655-8944 ext. 275
Fax: 561-655-5269
www.legalaidpbc.org

PWOJÈ POU MOUN K'AP OKIPE FANMI YO asire sekirite ak estabilite timoun yo pandan ke l'ap bay sèvis legal pou moun k'ap okipe timoun ki ptit fanmi yo (tankou yon nyès, neve, ptit ptit, ou byen yon frè ou sè) lakay yo akòz ke paran timoun nan pa la. Nou bay enfòmasyon tou ak referans pou gadri, sèvis ki bay sipò nan kominote-a, epi kontak avèk resous ki bay lajan pou ede kliyan ki elijib yo okipe byeneme pwòch yo.

SÈVIS NOU BAY...

• Gad Legal Tanporé

Nou resevwa otorizasyon legal tanporè pou gade timoun anba 18 an k'ap viv tanporèman ak manb fanmi yo. Sa pèmèt manb fanmi a consanti pou tout swen medical e dantè ki ta nesesè e rezonab, pou enskri timoun yo lekòl epi resevwa tout dosye medical, edikasyon ak lòt bagay ki nesesè pou swen timoun nan san retire dwa paran timoun yo genyen. Nou ede fanmi timoun nan jwenn sèvis ak benefis yo bezwen pou timoun nan lhè nou refere yo bay ajans ki apwo-priye selon bezwen yo. Nan pam benefis sa yo nou kapab jwenn lajan nan men Depatmant Timoun ak Fanmi, Medicaid, food stamps, cash assistans tanporè, gadri, ou byen sipò emosyonèl.

• Pouvwa Limite Pou Siyen Papye

Lhè yon manb fanmi a ap okipe yon timoun pou yon tan ki kout (sètadi, paske paran yo malad, nan prison, nan reabilitasyon, etc.), nou prepare dokiman yo rele Pouwva Limite Pou Siyen Papye. Sa pèmèt gadyen an enskri timoun nan lekòl, kon-santi pou tretman medikal ou byen aplike pou benefis pou timoun mine-a san yo pa bezwen al nan Tribunal pou sa.

• Adopsyon

Nou ede moun jwenn gad pèmanan pou timoun k'ap viv avèk fanmi ou byen boparan yo lhè nou bay sèvis legal pou pwosede adopsyon. Nou kon-seye fanmi k'ap adopte timoun ki bezwen swen espesyal yo ou byen Timoun Depatman Timoun ak Fanmi plase ki kapab elijib pou èd nan adop-syon sa ansanm avèk lòt benefis. Nou refere fanmi tou ki kalifye pou resevwa benefis nan men Sosyal Sekirite pou timoun yo adopte.



• Sipò Legal pou Gadyen Yo

Nou ede fanmi pwoteje ti fanmi andi-kafe ki sansib nan devlopman yo lhè nou fè yo jwenn Sipò Legal pou Gadyen ki gen plis ke 18 an. Sa bay moun k'ap ede kòz gadyen yo pouvwa ki spesifik, devwa ak responsablite, avèk mwens depans e konplikasyon legal epi ki pèmèt fanmi yo kontinye okipe byeneme pwòch yo.

• Prevansyon Pou Nesesite

Nou prepare tou sa yo rele dokiman prevansyon pou nesesite pou moun k'ap okipe fanmi yo. Sa pèmèt moun sa nonmen yon moun pou kontinye okipe timoun nan an ka ke gadyen-an ta mouri. Moun sa yo nonmen-an gen tan pou aplike pou l' vin gadyen ti-moun mine-a.